



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TWAZYÈM APÈL DÒF POU ENÈJI EWOLYÈN NAN ZÒN KOT NEW YORK POU AKSELERE DEVLOPMAN ENÈJI PWÒP

Chèche pwokire omwen 2,000 Megawat Enèji Renouvlab, ase pou alimante 1.5 milyon kay

Mete anplas investisman enfrastrikti ewolyèn nan zòn kot 500 milyon dola ki se lidè nan peyi a

Nouvo angajman pou sipòte fè, asye Ameriken an, angajman pati ki konsène, travay, ak devlopman mendèv

Konsepsyon fa transmisyon an amelyore rezilyans rezo a epi fè pwomosyon konsepsyon transmisyon ewolyèn nan zòn kot rejyonal yo

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou devlope omwen 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon twazyèm [apèl dòf](#) pou enèji ewolyèn nan zòn kot New York, k ap chèche ase enèji renouvlab pwòp pou alimante omwen 1.5 milyon kay New York. Akizisyon an ki administre pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), genyen ladan l premye faz investisman 500 milyon dola lidè nan peyi a nan pò enèji ewolyèn nan zòn kot yo, fabrikasyon, ak apwovizyonman enfrastrikti an chèn jan sa te anonse nan Diskou Gouvènè a [sou Sitiyasyon Eta a](#) an 2022. Anons jodi a apiye yon seri devlopman enpòtan nan zòn kot yo pou Eta a an 2022, k ap genyen ladan yo inogirasyon premye pwojè enèji ewolyèn nan zòn kot New York, epi se yon pwochen etap ki enpòtan pou reyalize objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè New York la (Lwa sou Klima a) pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn nan zòn kot vè 2035.

"New York fyè pou kontinye ouvri wout nan devlopman enèji ewolyèn nan zòn kot pandan l ap etabli yon plan pou konstui yon ekonomi vèt lokalman," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a n ap mete mo yo an aksyon epi rann li klè ke Eta New York se sant nasyonal pou endistri enèji ewolyèn nan zòn kot. Tranzisyon vè enèji pwòp la ap mennen investisman prive ki enpòtan ak djòb k ap soutni fanmi nan kominote atravè eta a, epi n ap fikse tèt nou pou siksè ak yon avni ki pi briyan epi ki pi dirab."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Lè nou pibliye twazyèm apèl dòf pou enèji ewolyèn nan zòn kout nou, sa bay yon lòt opòtinite pou revolisyone ekonomi nou an epi kontinye konstui yon endistri enèji ewolyèn nan zòn kot isit la nan New York pandan n ap kontinye devlope kanal pwojè enèji renouvlab lidè nan peyi a. Nou kontinye bay priyorite a yon tranzisyon ki rantab, ki responsab sou plan anviwoònman, epi ki benefik pou tout Nouyòkè - epi nou pa ka tann pou fè patenarya ak devlopè pwojè ki pataje menm objektif yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwoònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Konstui yon New York ki pi dirab, epi ki pi rezistan, mande aksyon ki odasye k ap ede nou reyalize objektif klima anbisye nou an. Yon pati ki enpòtan nan efò nou se enèji ewolyèn epi travay New York ki se lidè nan peyi a pou asire ke sektè a kontinye devlope nan kominote nou yo, ap kreye djòb epi bay enèji ki pwòp, renouvlab pou ane k ap vini yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "New York se sant lidè nan enèji ewolyèn nan zòn kot nan peyi a, epi anons jodi a fè avanse pi plis objektif pou enèji pwòp anbisye nou yo. Nou angaje nan enèji pwòp ak patenarya piblik-prive k ap alimante devlopman ekonomik ak kwasans pandan n ap fè Nouyòkè yo avanse vè yon avni ekolojik."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Hochul paske li mete enèji nan ekspansyon odasye, ki se lidè nan peyi a pou sektè enèji pwòp Eta New York la. Lè nou mete yon priyorite sou akò salaryal ak travay ki anvigè yo, n ap kreye opòtinite karyè ki pi solid pou Nouyòkè nan tout eta a epi rete vrè ak angajman nou pou yon tranzisyon ki responsab epi ki jis."

Antanke sant lidè nan peyi a pou enèji ewolyèn, Eta New York ap chèche pwokire omwen 2,000 megawat enèji ewolyèn nan zòn kot atravè yon seri pwopozisyon pwojè divèsifye pandan l ap eksplwate kapital piblik ak prive pou konstui yon chèn apwovizyonman ki solid. Anplis premye faz investisman 500 milyon dola Eta a nan pò, fabrikasyon ak enfrastrikti chèn apwovizyonman, pwovizyon notab siplemantè nan apèl dòf la genyen ladan l:

- Entwodiksyon yon premye konfigirasyon transmisyon nan zòn kot "ki pare pou konekte" ki se premye nan kalite sa, ki baze sou rekòmandasyon ki soti nan [Etid sou Rezo Elektrik Eta New York](#), k ap fasilite tranzisyon pwojè ewolyèn nan zòn kot yo vè yon sistèm alavni ki ka devlope toutotan tan ap pase epi bay plis fyabilite ak fleksibilite pandan l ap pozisyon Nouyòkè yo pou ekonomize apeprè 55-60 milyon dola chak ane;
- Atribisyon pwen evalyasyon pou enfrastrikti pwodiksyon elektrisite abaz konbistib fosil nan sid eta a ak itilizasyon estokaj enèji pou ranfòse fyabilite sistèm alavni an epi sipòte plis enèji renouvlab sou rezo a;

- Mete aksan sou fabrikasyon nan eta a, devlopman ekonomik ki enklizif ak ekite klimatik, fasilite relasyon ak mendèv New York la ki enkli konstriksyon ki soutni pa salè ki anvigè; epi ankouraje akò travay pwojè yo;
- Pwomosyon objektif Lwa Buy American New York la, apèl dòf la fikse yon egzijans minimòm acha fè ak asye Ameriken pou tout pwojè yo akòde dapre apèl dòf la pou ankouraje pwodiksyon asye nasyonal la epi egzije devlopè yo bay opòtinite pou founisè asye ki baze nan Etazini yo patisipe nan sektè enèji ewolyèn k ap devlope a;
- Ranfòsman angajman pati ki konsène, swivi, ak egzijans pou travay New York; epi
- Kontinye sipòte devlopman ki responsab atravè plan diminisyon risk anviwòmantal ak lapèch ak egzijans pou sipòte kontwòl lapèch ak fòn lan pou konprann pi byen entèraksyon ak pwojè enèji ewolyèn nan zòn kot yo.

Moun ki enterese fè pwopozisyon yo ka aplike sou [paj apèl dòf pou enèji ewolyèn nan zòn kot](#) NYSERDA a. Pwopozisyon yo dwe rive pou pi ta 22 desanm 2022, a 3:00 p.m. Y ap fè yon seminè sou entènèt nan dat 23 out 2022 a 10:00 a.m. pou bay plis enfòmasyon sou apèl dòf sa. Moun ki enterese nan seminè a ka enskri [isit la](#), epi nou ankouraje pou enskri epi soumèt kesyon yo alavans bay offshorewind@nyserda.ny.gov.

Pou asire ke acha yo fè objektif enèji ewolyèn New York yo avanse nan yon fason ki byen reflechi, ki rantab, epi ki responsab sou plan anviwòmantal pou benefisye tout Nouyòkè, yo te pibliye yon vèsyon bouyon apèl dòf la pou kòmantè piblik nan mwa mas 2022 ak yon Demann Enfòmasyon swivi nan mwa me 2022, kote yo te resevwa plis pase 1,300 kòmantè. NYSERDA te antre kòmantè li te resevwa yo nan apèl dòf la.

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Devlopman enèji ewolyèn nan zòn kot vital pou konstui yon ekonomi enèji pwòp epi konbat chanjman klimatik la. Anons jodi a se yon etap pasyonan epi enpòtan pou diminye depandans eta nou an sou konbistib fosil epi atenn objektif ki fikse nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a. Devlopman ewolyèn nan zòn kot la ap kontinye ranfòse ekonomi New York la lè li pote djòb ki byen peye nan kominote ki pi bezwen yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA dèske yo kontinye fè ekonomi vèt New York la avanse epi sipòte opòtinite enèji renouvlab yo."

Manm Asanble Michael Cusick te deklare, "Enèji ewolyèn nan zòn kot enpòtan anpil pandan n ap travay pou atenn objektif enèji anbisyè eta nou an. Investisman kontini nou nan devlopman ewolyèn nan zòn kot ap kontinye oryante rezo enèji nou an pandan n ap fè tranzisyon nan rezo enèji pwòp lavni an. Anons jodi a demontre angajman kontini Eta New York pou reyalize objektif anbisyè nou yo epi bay enèji ki pwòp epi fyab pou tout Nouyòkè."

Manm Asanble Steve Englebright, te deklare, "Lwa klimatik Eta New York la etabli sib ki agresiv ki obligatwa legalman pou fè ekonomi New York la fè tranzisyon nan konbistib fosil a enèji renouvlab. Lwa a egzije New York diminye emisyon gaz efè sèr yo a 40 pousan vè 2030 epi pa pi piti pase 85 pousan vè 2050. Enèji ewolyèn nan zòn

kot nan Long Island se yon eleman enpòtan pou reponn ak egzijans sa yo. Anplis pou pwodui enèji pwòp, yo prevwa ke apèl dòf sa ap yon katalizè pou kwasans Long Island ki baze sou chèn apwovizyonman, enfrastrikti pòtyè, epi sipòte devlopman djòb lokal nan Long Island. Mwen bat bravo pou vizyon ak detèminasyon Gouvènè Hochul pou fè avanse ak amelyore pòtfèy enèji ewolyèn renouvlab nan zòn kot New York la."

Direktè Jeneral Pwogram Klima ak Enèji Pwòp, Konsèy Defans Resous Natirèl la, Kit Kennedy te deklare, "Enèji ewolyèn nan zòn kot jwe yon wòl enpòtan nan sa ki gen pou wè ak mizanplas lejislasyon sou klima ak enèji pwòp anbisyè New York la — Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a. Ak yon kantite pwojè ewolyèn nan zòn kot k ap ogmante k ap resevwa kontra, New York nan bon wout pou asire ke 70 pousan nan elektrisite eta a ap soti nan resous renouvlab yo vè 2030. Enèji ewolyèn nan zòn kot ede diminye emisyon gaz efè sèr ki danjere epi bay plizyè milye djòb byen peye — men li dwe fèt nan yon fason ki entelijan ki pwoteje lavi nan oseyan ki gen anpil valè epi ki vilnerab nou an."

Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon Greater New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York) la Gary LaBarbera te deklare, "Lè nou investi nan enfrastrikti ewolyèn nan zòn kot, sa jwe yon wòl ki krisyal pou New York vin tounen yon lidè mondyal nan enèji renouvlab, pandan l ap kreye tou plizyè milye karyè klas mwayèn ki gen benefis pou moun k ap travay di nan eta nou an. Plis ke jamè anvan, nou bezwen kontinye finanse inisyativ enèji pwòp yo ki konbat chanjman klimatik la epi kreye opòtinite ak estabilite pou biznisman ak bizniswoman ki fondamantal nan reyalizasyon objektif efikasite enèjetik sa yo. Nou bat bravo pou NYSERDA ak Gouvènè Hochul yon lòt fwa ankò ki se poto mitan pwojè sa yo ki p ap sèlman mete New York apa nan kreyasyon enèji ewolyèn, men tou k ap bay opòtinite travay dirab epi ki reyalizab pou mendèv nou an."

Direktè Pwogram Enèji Ewolyèn nan Zòn Kot, Federasyon Fòn Nasyonal la (National Wildlife Federation), Amber Hewett te deklare, "New York kontinye pouswiv devlopman ewolyèn nan zòn kot la nan rit ak nivo demann kriz klima yo. Anons sa leve nivo a yon lòt fwa ankò. Federasyon Fòn Nasyonal la ap travay ak Administrasyon Hochul la, mendèv, kominote, lidè sektè, ak patnè nou yo nan prezèvasyon an pou asire ke efò ewolyèn New York yo pran an konsiderasyon opinyon pati ki konsène yo epi reflekte pi bon syans ki disponib la pou pwoteje fòn lan."

Prezidan Konsèy Mendèv Santral Vil NY la (NYC Central Labor Council) Vincent Alvarez te deklare, "Konsèy Mendèv Santral Vil New York la, AFL-CIO bat bravo pou NYSERDA pou angajman kontini li pou règ travay ki solid pandan n ap fè tranzisyon vè yon ekonomi enèji pwòp. Mouvmman Mendèv Vil NY la pa ka tann pou kontinye travay ak NYSERDA pou asire ke pandan n ap investi nan avni enèji revouvlab nou, abòde chanjman klimatik la epi ede reyalize endepandans enèji, n ap kreye tou bon travay sendika epi konstui yon ekonomi ki solid epi rezilyan pou tout Nouyòkè."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an (Citizens Campaign for the Environment), Adrienne Esposito, te deklare, "Acha 2,000 megawat siplemantè

enèji ewolyèn nan zòn kot ap kontinye mete New York nan wout kòm yon lidè nasyonal nan konba kont chanjman klimatik la. New York ak Long Island nan ban devan kriz klima a, ogmantasyon nivo lanmè a, tanpèt lapli toransyèl, ouragan ak inondasyon te devaste kominote bò kot nou yo. Enèji ewolyèn se youn nan zouti ki pi enpòtan nou genyen pou konbat chanjman klimatik la epi moman pou aji a se kounye a. Fè tranzisyon nan konbistib fosil yo se pi gwo eritaj nou ka kite pou jenerasyon k ap vini an. Nou felisite NYSERDA ak Gouvènè Hochul dèske yo travay nan fason agresif pou mete anplas lwa klima eta a epi sipòte sektè ewolyèn nan zòn kot k ap devlope nan New York la."

Direktè Egzekitif UPROSE, Elizabeth Yeampierre te deklare, "Antanke defansè jistis klima ki te travay pandan de deseni pou pote enèji ewolyèn nan zòn kot nan pi gwo zòn endistriyèl nan Vil New York, nou kontan anpil pou apèl dòf sa pou fè pwogrè ki enpòtan pou asire devlopman ewolyèn nan zòn kot, se yon opòtinite pou kominote ki defavorize sou plan istorik nan sant yo ki ka fasone yon Tranzisyon reyèl ki Jis ak yon modèl pou peyi a. Kominote jistis anviwònman yo te akeyi nan fason retisan enfrastrikti konbistib fosil yo pandan plizyè jenerasyon, epi yo dwe ba yo priyorite pou investisman nan enèji pwòp nan devlopman mendèv, anboch lokal, ak pwopriyete kominotè."

Direktè Rejyonal Climate Jobs NY nan Long Island, Mariah Dignan te deklare, "Lè enèji renouvlab konstui, fonksyon, epi fabrike pa travayè sendika yo, li bon pou planèt la, bon pou fanmi k ap travay yo, epi konstui kominote lokal ki dinamik. Climate Jobs NY ankouraje pa priyorite ki souliyen nan twazyèm apèl dòf pou enèji ewolyèn nan zòn kot Eta a epi li pa ka tann pou travay ak moun k ap aplike pou asire devlopman pwojè epi plan investisman nan chèn apwovizyonman ap kreye bon travay sendikal nan tout sektè a."

Pou fè devlopman enèji ewolyèn nan zòn kot la avanse nan New York ak nan rejyon an pou ale nan menm sans ak [Diskou sou priyorite Eta a](#) Gouvènè Hochul la, NYSERDA te antame yon Etid Evalyasyon Kab Eta New York pou ede idantifye wout kab ewolyèn nan zòn kot ki limite epi ki estratejik pou gen aksè nan pwentèkoneksyon kle sou rezo a ansanm ak [Plan Direktè pou Enèji Ewolyèn nan Zòn Kot 2.0 a: Dlo Fon.](#)

Eta New York gen senk pwojè enèji ewolyèn nan zòn kot ki nan devlopman aktif kounye a, pi gwo pòtfèy nan peyi a. Pòtfèy inisyal total yo plis pase 4,300 megawat, k ap alimante plis pase 2.4 milyon kay New York, epi yo prevwa pote yon enpak ekonomik ki konbite 12.1 milya dola nan eta a. Yo prevwa pwojè yo ap kreye tou plis pase 6,800 djòb nan devlopman pwojè, fabrikasyon eleman, enstalasyon, ak operasyon ak antretyen. Pou atenn objektif 9,000 megawat Eta a disi 2035, sa ap jenere ase enèji ewolyèn nan zòn kot pou alimante apeprè 30 pousan bezwen elektrisite Eta New York, ki ekivalan a prèske 6 milyon kay Eta New York, epi favorize apeprè 10,000 djòb.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

Konsènan NYSERDA

NYSERDA, yon kòporasyon enterè piblik, ki ofri enfòmasyon ak analiz objektif, pwogram inovasyon, espètiz teknik, ak finansman pou ede moun New York ogmante efikasite enèjetik, ekonomize lajan, itilize enèji renouvlab, epi diminye depandans yo sou kabiran fosil. Pwofesyonèl NYSERDA yo travay pou pwoteje anviwònman an epi kreye anpil djòb enèji pwòp. NYSERDA ap devlope patenarya pou fè avanse solisyon enèji inovan yo nan Eta New York depi 1975. Pou aprann plis sou pwogram NYSERDA yo ak opòtinite finansman yo, vizite nyserderda.ny.gov oswa suiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [YouTube](#), oswa [Instagram](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)